





**Apre yon Dife**

Yon gid itil







## Depatman Ponpye Miami-Dade



### Rapò Ensandi Pwopriyete

Lè w ap mande enfòmasyon sou rapò ki konsène ensidan sa a, tanpri refere a:

---

#### NIMEWO ENSIDAN

---

#### DAT ENSIDAN

**Rapò Ensandi yo disponib apeprè sèt (7) a dis (10) jou apre ensidan an.**

Lè w ap fè demann yon kopi rapò sa a, tanpri bay enfòmasyon sa yo:

- Dat ak lè ensidan an
- Plas ensidan an
- Nimewo ensidan an
- Yon anvilòp deja adrese ak tout temm sou li
- Yon chèk sou non "Miami-Dade County Board of County Commissioners." Frè pou rapò a se \$1.00 pa paj sètifye (si plis pase yon paj, ou va resevwa yon fakti ak rapò a.)

Poste demann ou an voye bay:

**Miami-Dade Fire Rescue**  
Central Records Bureau  
9300 N.W. 41st Street  
Doral, Florida 33178

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte Biwo Dosye ak Resous MDFR nan 786-331-4900.



Se avèk anpil respè pou pwofesyon nou an ak yon santiman konpasyon pou tout sa w pèdi ke nou menm nan **Depatman Ponpye Miami-Dade** vle ofri w soutyen sensè nou pou ede w nan moman difisil ak gwo eprèv sa a.

Nou rann nou kont apre yon ijans, li ka difisil pou yon moun panse byen ak bay atansyon a detay. Nan moman tankou sa yo, moun ka fasilman bliye oswa neglige enfòmasyon nesesè pou jere zafè kotidyen yo.

Avèk sa nan espri nou epi nan efò pou ofri w yon swen kontinyèl, nou te kreye ti liv sa a ki rele **Apre Dife a** pou gide w nan efò w pou retounen rapidman nan lavi nòmal. Ladan, ou va jwenn rapèl itil ak enfòmasyon enpòtan nan yon sèl biblikasyon nan lespwa pou ba w lapè despri ak yon kòmansman nan rekiperasyon w.

Se nan moman sa yo ke nou menm nan Depatman Ponpye Miami-Dade kanpe bò kote sitwayen nou yo epi asire yo ke nou... **Toujou Pare, Fyè pou Sèvi.**



Tab



## Dèmatyè

Rapò Ensandi Pwopriyete.....	1
Mesaj Depatman Ponpye Miami-Dade.....	2
Tout sa Nou Kapab.....	4
Premye 24 trè yo.....	5
Atansyon: A kisa pou w fè atansyon.....	7
Dokiman enpòtan ak objè ki gen valè.....	8
Ranplase dokiman ak bagay ki gen valè.....	9
Ranplase Lajan.....	10
Resous Disponib.....	12
Kilès pou kontakte oswa enfòme.....	13
• Asistans	
• Asirans, sètifikasi, dokiman legal, dosye ak atik ki gen vale	
• Sèvis publik	
Tèm ak Definisyon.....	16
Asirans.....	17
Sa Pou Fè ak Sa Pou Pa Fè.....	18
Operasyon Depatman Ponpye.....	19
Paj Dokimantasyon.....	20
Apèl Telefon	
Depans	
Mileyaj ak Vwayaj	
Lis Kontwol Itil.....	23
Nòt.....	24



Ti liv sa a te ekri epi bibliye ak sèl objektif pou ede viktim ensandi yo retounen rapidman nan vi nòmal yo. Nou espere ke enfòmasyon ki gen la yo va ede moun ki viktim devastasyon dife kapab koze nan lavi yo.

Nou reyalize pa janm gen de (2) dife ki menm epi w ka bezwen plis èd resous adisyonèl. Nou konprann tou ke otan nou ta renmen ede, gen limit nan sa nou kapab ofri.

**Ou ka kontakte Afè Kominotè MDFR nan 786-331-4820 pou w chèche konnen kijan ou ka benefisyé resous adisyonèl.**

Si w santi w bezwen èd **espirityèl oswa emosyonèl**:

- Nou ka refere w a **patnè kominotè nan lafwa** yo ki aktyèlman ap travay avèk nou sou katye lakay ou a. Yo ka ba w asistans si w gen bezwen.

## Kesyon yo Poze Souvan

## *Poukisa mwen pa ka retounen lakay mwen apre yon dife?*

Yon fwa MDFR rive sou plas kote gen yon dife, se responsabilite nou pou asire ke plas la **an sekirite** anvan nou libere li bay publik la swa pou itilizasyon swa pou aksè pèsonèl. Se responsabilite nou tou pou fè yon ankèt awofondi sou plas dife a.

# Premye 24 trè yo



**Estrès (non):** yon repons espesifik kò w a yon eksitasyon, tankou krent oswa doulè ki deranje oswa entèfere ekilib nòmal òganis ou.

Sa vle di, ou sòt fè fas a yon evennman ki trè estresan epi twomatizan nan lavi w. Li enpòtan pou w koumanse evalye sitiyasyon an epi koumanse fè envantè de kisa w bezwen fè apre, premye bagay w dwe fè se...

**Fè yon ti kanpe...respire pwofondeman...** Anvan w kòmanse panse a tout sa w pèdi, poze epi di mèsi pou tout sa w genyen toujou. Dife se yon gwo vòlè, epi pèt yo toujou anpil. Bay tèt ou tan pou w santi doulè yo paske se nòmal. Antoure w ak fanmi, zanmi ak moun ki renmen w. Mande èd a dirijan espirityèl ou yo... priye. Kounye a, se pa lè pou w ap pran okenn gwo desizyon...malerezman, gen kèk bagay ou bezwen fè nan yon tan ki aseptab ak yon fason responsab.

Men yon lis itil sa w dwe fè **anvan**

....epi sonje, nou la pou nou ede.

## 1. Kontakte konpayi aspirans ou epi mande kisa ki obligatwa pou w fè.

Sonje, **konpayi aspirans** ou an pa konnen w te gen yon dife. Pi bonè w kontakte yo, se pi vit pwosesis la va koumanse pou w retounen nan lavi nòmal. Tout sa w bezwen se fè yo konnen evènman an pi vit posib. Tout lòt detay yo kapab tann.

## 2. Pran swen bezwen imedya w yo.

Zanmi w yo ak fanmi w se pi bon resous ou pou asistans nan moman nesesite epi yo ta dwe sèvi kòm **sistèm sipò prensipal ou**. Si **pwpriyete w pa asire, fanmi, kominate, gwoup legliz lokal, òganizasyon sivik lokal ou yo, Ame Disali oswa Lakwa Wouj Amerikèn** ka **ede w rekiperre w nan pèt dife a lakozi la** epi ede fanmi w retounen sou de pye yo. Si resous sa yo pa disponib pou ou, **MDFR** va ede w kontakte Ajans lokal ki Ede nan Dezas tankou **Lakwa Wouj Amerikèn** ki ka ofri w **èd tanporè** nan **bezwen imedya w yo**.

### Enfòmmasyon enpòtan wap bezwen bay Lakwa Wouj:

- Lojman Tanporè
- Transpò
- Manje
- Vètman
- Medikaman
- Adrès ensidan an
- Adrès kote pou yo kontakte w
- Nimewo telefòn enpòtan
- Kantite moun ki pa gen kote pou yo rete, bay laj ak sèks
- Nimewo ensidan MDFR

**Lakwa Wouj Amerikèn nan Rejyon Florid la** bay sèvis repons nan ka katastwòf pou rezidan ki afekte pa dife oswa nenpòt lòt katastwòf 7 jou sou 7, 24 trè sou 24 avèk:

- Asistans finansye yo bay sou plas pou ede nan bezwen rekiperasyon yo.
- Twous konfò ki disponib pou tout rezidan ki afekte. Twous yo gen ladan yo pat dantifris, chanpou, savon, sèvyèt pou men, atik pou fanm, dra ak kouvèti (kan sa disponib), savon lesiv pou retire sant lafimen nan rad yo ak jwèt pou timoun.
- Sèvis Sante Mantal nan moman katastwòf (Apèl pou espesyalis nan terapi 24 trè sou 24 pou ede).
- Sèvis Sante (Enfimyè disponib ou ka rele pou ede ranplase medikaman ki pèdi oswa andomaje, linèt, ekipman medikal).
- Yo ka mete travayè sosyal sou chak ka pou ede rezidan yo nan pwosesis rekiperasyon yo an epi yo ka bay referans pou ajans patnè ki ka ede kliyan an nan lòt nesesite rekiperasyon yo.

# Premye 24 trè yo suit



**Estrès (non):** yon repons espesifik kò w a yon eksitasyon, tankou krent oswa doulè ki deranje oswa entèfere ekilib nòmal òganis ou.

## 3. Ede zannimo lakay ou.

Pou zannimo ou pa wè, tyeke vwazen w yo. Pandan yon dife, zannimo yo ka kite kay la epi yo ka retounen nan 24-48 èdtan. Mennen zannimo w ka veterinè pou yo fè bilan pou yo pi vit ke posib, espesyalman si yo te pran nan lafimen.

Si mèt kay la ospitalize epi li pa ka pran swen zannimo li, kontakte 311 pou w pale ak Sèvis Zannimo pou ede nan akomode swen yo. Eseye kite zannimo w yo avèk yon manm nan fanmi w, yon zanmi oswa yon veterinè. Pa kite bêt ou nan kay ki te pran dife jiskaske yo fin netwaye l nèt epi li san danje.

## 4. Sekirize pwopriyete a.

(Pwopriyetè a responsab sekirize pwopriyete ki andomaje a.)

- Si kay la gen asirans, avize ajan w imedyatman ke w bezwen sekirize pwopriyete w la.
- Si kay la pa asire, rekiperasyon w va depann de pwòp resous ou ak èd ou ka jwenn nan men kominate w ak zanmi w.
- Avize lapolis anka yo volè zafè w.
- Anka w pèdi kat kredi w oswa kouvèti asirans sou transfè fon yo, avize bank yo pi vit posib.
- Pwoteje pwopriyete w pou li pa vin plis andomaje. Si li nesesè pou fè reparasyon nan pwopriyete a: Fè reparasyon ki rezonab ak nesesè pou pwoteje pwopriyete w la.
- Kenbe yon dosye depans reprarasyon ki egzak. Sere resi lajan ki deanse ki gen rapò ak pèt ou fè nan dife a. yo va itil pou reklamasyon ou va fè nan asirans ak pou verifye pèt ou reklame yo nan deklarasyon taks ou.

## 5. Kontakte mèt kay la si pwopriyete a pa pou ou.

Si se lwe w lwe, ou dwe avize mèt pwopriyete a oswa moun ki responsab la (Manadjè Pwopriyete a) pi vit posib. Lè w enfòme yo byen vit, w va ede pwoteje rès pwopriyete a epi akselere retou nan nòmalite pou tout moun. Si w ba yo chans, yo ka byen ede w nan moman difisil w ap travèse a.

# Atansyon: A kisa pou w fè atansyon



...epi panse anvan w aji

Li posib pou moun blesé akoz neglijans ka fèt souvan **apre yon dife** te fin etenn. Plas kote dife a te ye a rete yon lye danjere menm **apre dife** a epi yo dwe trete li avèk anpil swen. **SI W OBLIJE ANTRE ANDEDAN** kay andomaje a, fè sa ak anpil anpil prekosyon epi **sèlman apre MDFR fin ba ou otorizasyon pou antre**.

**Sekirite** w dwe priyорite nimewo en (1) pandan w ap chèche retounen nan nòmalite. **Fè atansyon** a detay yo, sa ka epanye w yon deplasman ijans ale lopital akoz neglijans. Si w oblige antre nan yon plas danjere, men yon lis bagay pou w fè atansyon:



## • Glise Tonbe

Ou va pwobableman gen pou w mache nan debri ak ma dlo ki pa koule. Ou pa konn kote w ap met pye w. **FÈ ATANSYON.**

## • Debri Kap Sòt Tonbe

Rete vijilan ak kay dife andomaje. Twati yo ak planche yo kapab anfale. Vit ki kase nan operasyon MDFR Kapab poze lot pwoblèm.

## • Move Lè

Pousyè materyèl kap brile yo ap toujou nan lè andedan kay ou epi kouvri tout sa w genyen. Asire w ke zòn ou antre yo gen bonjan lè ki pase ladan pou minimize posibilité pou w ekspoze ak jèm ki bay kansè.

- Pwodwi netwayaj yo ka pwovoke lafimen toksik si yo melanje.
- Si w gen gaz natirèl oswa pwopàn, fè atansyon a fwit ki ka poze danje pou toufe w ak eklate.

## • Atik ki Kontamine

Ou pa ta dwe konsome pwodwi alimantè, bwason ak medikaman ki ekspoze nan chalè, lafimen, ak salte, ak dlo. Evite itilize vètman ak mèb toutotan yo poko netwaye pou evite kontaminasyon ki ka antre nan po ou.

## Kesyon yo Poze Souvan

**E kouran mwen?  
Èske mwen ka aktive li?  
Poukisa yo te dezaktive I tou dabò?**

Se ponpye yo ki dezaktive kouran an pou yo ka travay an sekirite ak pou sekirite pa w apre dife a. Li enposib pou di si kab kouran yo oswa eleman sistèm kouran w lan ap fonksyone byen san yon **elektrisyen ki gen lisans pokò gen chans pou byen evalye li**. Apre enspeksyon an, ou ka kontakte, **Florida Power and Light (FPL)** pou mande yo **aktive kouran an pou ou**. Yo pap fè li toutan yon elektrisyen ki gen lisans pa avize yo ke kay la enspekte.

# Dokiman enpòtan ak objè ki gen valè



Lavi gen plis valè pase tout bagay materyel ki akimile pandan w ap viv!  
Souvni yo toujou la nan memwa nou menm lè objè materyèl yo ki rapple nou souvni yo disparèt!  
Nou pa janm pèdi lespwa menm nan moman pi difisil nan lavi nou paske nou la toujou!

Enpòtans nou bay objè materyèl nou posede yo se yon bagay pèsònèl, pèsòn pa ka ni evalye ni redwi valè santimantal nou akòde yon bagay nou posede.

Foto, objè fanmi, albòm nòs, bijou, mèb ak lòt objè ki gen valè tout enpòtan pou **OU**, e nou ka konprann chak efò pou w eseye rekipere sa ki rete yo. Sepandan, mete nan tèt ou menm si ou retire yo yon kote ki andomaje epi mete yo yon kote ki an sekirite, li ta saj pou w poko netwaye yo ak restore yo jiskaske yo byen evalye domaj yo pou zafè asirans.

- Pa jete objè ki andomaje yo jiskaske w **konné** envantè te fèt pou pwosesis reklamasyon.
- Si w anvizaje pran **yon kontraktè pou fè reparasyon oswa envantè**, se yon **meyè** pratik **pou diskite plan Sila a ak konpayi/ajan an dabò.**

Lè li sekirité pou w fè sa, lis apre a se yon lis atik enpòtan ke w dwe eseye lokalize:

- Pèmi Kondwi ak Idantifikasyon Kat Sosyal Sekirite
- Enfòmasyon sou asirans
- Enfòmasyon sou medikaman
- Linèt, aparèy pou ede moun tandem byen ak lòt aparèy pwostetik
- Kanè telefòn oswa selilè ak nimewo telefòn ladan li
- Objè ke gen valè tankou kat kredi, chèk, kach, bijou



## Kesyon yo Poze Souvan

## Kilès pou m avize si mwen oblige demenaje tanporèman?

- Konpayi/ajan asirans
- Konpayi ipotèk
- Anplwayè
- Biwo Lapòs
- Konpayi kab televizyon
- Konpayi itilite yo
- Depatman Ponpye ak Lapolis
- Lekòl pítit ou
- \*Sèvis livrezon yo, si genyen

(\*Anile tout livrezon ak abònman jiska nouvèl lòd pou evite frè initil.)

# Ranplase dokiman ak bagay ki gen valè



Lavi gen plis valè pase tout bagay materyel ki akimile pandan w ap viv!  
Souvni yo toujou la nan memwa nou menm lè objè materyèl yo ki rapple nou souvni yo disparèt!  
Nou pa janm pèdi lespwa menm nan moman pi difisil nan lavi nou paske nou la toujou!

Deapatman Ponpye Miami-Dade ofri sipò sensè a moun ki viktim devastasyon nan yon dife. Nan ti liv **Apre Dife A** sa a, nou bay yon lis atik/sèvis e ou ka itilize enfòmasyon kontakte yo pou referans viktim ensandi pou jwenn sèvis apwopriye ki va gide yo sou bon fason pou kòmanse ranplase dosye ak dokiman ki gen valè yo.

Tout sitiyasyon pa menm bagay, e dokimantasyon kapab varye de yon ka a yon lòt. Lis apre a gen dokimantasyon enpòtan ki ka detwi oswa pèdi nan dife epi ki va bezwen ranplase:

- Pèmi Kondwi
- Kat Sosyal Sekirite
- Kat Medicare
- Kat Kredi
- Paspò
- Sètifikasi Nesans, Desè ak Maryaj
- Papye Divòs
- Testaman
- Papye Sitwayènte
- Anrejestrem Oto
- Tit e ak
- Asirans
- Papye Dechaj Militè
- Estòk ak Bonn
- Dosye Medikal
- Dosye Deklarasyon Taks
- Garanti

**Pale ak konpayi asirans ou an sou kesyon konsènan valè kay ou a, pwopriyete ak objè ki gen valè.**

Kòmanse sere resi lajan ou depanse ki gen rapò ak pèt ou fè nan dife a. Konpayi asirans la ka bezwen resi yo apre pou pwouve nenpòt reklamasyon pèt sou deklarasyon taks ou.

Pran kontak ak yon kontab oswa IRS sou avantaj espesyal pou moun ki nan rekiperasyon apre yon pèt nan yon dife. Pou plis dosye deklarasyon taks, kontakte sant IRS kote w te ranpli li, oswa kontab ou, oswa kontakte 1-800-829-1040.

## Kesyon yo Poze Souvan

## ***Ki moun ki ka ede rezidan yon ensandi oswa lòt katastwòf afekte?***

- Kontakte konpayi oswa ajan asirans ou epi mande kisa pou w fè pou bezwen imeda yo lakay ou ak nan fanmi w.
- **Zanmi ak fanmi w** se meyè resous ou pou asistans nan moman bezwwen e yo ta dwe sèvi kòm sistèm sipò prensipal ou.
- Si pwopriyete w la pa asire, fanmi w, kominate w, gwoup legliz lokal, òganizasyon sivik, Lame Disali, Lakwa Wouj Amerikèn ta kapab ede w rekipere pèt ou fè nan dife a ak ede fanmi w retounen sou de pye. Pou asistans, gen yon lis kontak ki gen enfòmasyon kontak andedan ti liv **Apre Dife A**
- **Lakwa Wouj Amerikèn (1-800-HELP-NOW)** bay sèvis repons pou katastwòf pou rezidan ki gen dife oswa lòt katastwòf afekte yo 7 jou sou 7, 24 trè sou 24. Sèvis yo bay yo gen ladan yo: asistans finansye, twous konfò, manje tanporè, rad, chèltè, sèvis Sante Mantal nan ka kataswòf (espésyalis nan terapi 24 trè sou 24 pou ede), Sèvis Sante (Enfimyè disponib ou ka rele pou ede ranplase medikaman ki pèdi oswa andomaje, linèt, ekipman medikal). Yo ka mete travayè sosyal sou chak ka pou ede rezidan yo nan pwosesis rekiperasyon yo an epi yo ka bay referans pou ajans patnè ki ka ede kliyan an nan lòt nesesite rekiperasyon yo.

# Ranplase Lajan



*Lavi gen plis valè pase tout bagay materyel ki akimile pandan w ap viv!  
Souvni yo toujou la nan memwa nou menm lè objè materyèl yo ki rapple nou souvni yo disparèt!  
Nou pa janm pèdi lespwa menm nan moman pi difisil nan lavi nou paske nou la toujou!*

Biwo Gravi ak Enpresyon, anba Depatman Trezò rekipere lajan mitile kòm yon sèvis gratis ou publik la. Lajan mitile se lajan ki te andomaje yon jan ki fè yo doute de valè li e yo dwe voye lajan sa a bay Biwo Gravi ak Enpresyon pou ekspè ki antrene egzaminen li anvan yo rekipere l. Pa egzanp, lajan mitile ka lajan ki manke dispozitif sekirite yo. Koz ki pi kouran ki ka fè yon lajan mitile se : dife, dlo, pwodwi chimik ak eksplozif; domaj zannimo ensèk osa wonjè; pouriti oswa deteryorasyon si yo antere l.

Anbalaj avèk swen esansyèl pou prevni domaj adisyonèl pou egzaminasyon Trezò a. **Asire ke transpò lajan ou ap voye a se sou responsabilite moun ki ap voye l** a. Pa touche lajan ki boule twò fò. Eseye mete chak biyè oswa moso biyè nan yon plastik pou ka prezève li. Si se yon pati nan lajan an ki boule; si mwatye oswa plis ok, ou ka pote li nan Bank Rezèv Federal ki pi pre w la pou ranplase l. Mande bank ou pou di w sa ki pi pre a, oswa ou ka pote lajan mitile a nan Biwo Lapòs Etazini (USPS sig anglè) epi voye li kòm yon "kourye anrejistre avèk demann resi" bay:

**Bureau of Engraving and Printing  
MCD/OFM, Room 344A  
P.O. Box 37048  
Washington, DC 20013**

Ou ka pote lajan an metal ki domaje oswa mitile nan Bank Rezèv Federal voye li kòm yon "kourye anrejistre avèk demann resi" bay:

**U.S. Mint  
P.O. Box 400  
Philadelphia, PA 19105**

Pou livrezon pèsonèl ak kourye ki pa postal, sètadi FedEx/UPS, Voye l bay:

**Bureau of Engraving and Printing  
MCD/OFM, Room 344A  
14th and C Streets SW Washington, DC 20228**

Yo aksepte livrezon pèsonèl lajan mitile nan Biwo Gravi ak Enpresyon ant 8-11:30 a.m. ak 12:30-2 p.m., lendi rive vandredi, jou ferye ak lòt jou yo fèmen pa ladan .

**Mete yon lèt ki lizib ak tout lajan ki mitile a pou livrezon USPS ak kourye non postal:**

- Valè estimatif lajan an,
- Enfòmasyon pou yo kontakte w,
- Yon eksplikasyon sou kijan lajan te mitile,
- Ninewo kont ak woutin labank pou yon bank Etazini.
- Pou reyanbousman ak chèk, bay enfòmasyon moun ki ap resevwa a ak adres postal.

# Ranplase Lajan suit



Lavi gen plis valè pase tout bagay materyel ki akimile pandan w ap viv!  
Souvni yo toujou la nan memwa nou menm lè objè materyèl yo ki rapple nou souvni yo disparèt!  
Nou pa janm pèdi lespwa menm nan moman pi difisil nan lavi nou paske nou la toujou!

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou ranplasman lajan andomaje nan [www.moneyfactory.gov/ submitclaim](http://www.moneyfactory.gov/). Ou ka kontakte Bureau of Engraving and Printing Mutilated Currency Division nan nimewo gratis (866) 575-2361.

## Pwosedi anbalaj Adisyonèl ki Rekòmande pa Bureau of Engraving and Printing:

- Kèlkeswa eta lajan an, pa deranje mòso yo plis pase sa nesesè
- Si saw gen la a prèske detache, anbale li avèk swen nan plastik ak koton san deplase mòso yo epi mete pake a nan yon kontenè an sekirite.
- Si lajan an te mitile nan yon bous, bwat, oswa lòt kontenè, voye kontenè a ak lajan an ak lòt bagay ki ta gen mòso lajan.
- Si lajan an te kouche lè li te mitile, pa woule, pliye, lamine, tepe, kole li, oswa lòt fason pou ta eseye prezève li
- Si lajan an te woule lè li te mitile, pa eseye dewoule l oswa ranfòse l.
- Si gen lajan monnen oswa lòt metal ki melanje ak lajan an, retire l ak anpil swen. Pa voye lajan monnen ak lòt metal nan menm pake lajan paye mitile a. Laajan monnen an ap kraze lajan papye yo. Tout lajan fonn oswa lajan monnen ki mitile dwe al jwenn U.S. Mint pou evalyasyon.

Pou ranpalse Bon Epay Etazini ki detwi oswa mitile ale nan [www.TreasuryDirect.gov/ forms/sav1048.pdf](http://www.TreasuryDirect.gov/ forms/sav1048.pdf) ak telechaje fòm reklamasyon FS Form 1048—Reklamasyon pou Bon Epay Etazini Ki Pèdi, yo vòlè oswa detwi.

## Obligasyon adisyonèl:

- Si bon an mitile, anbale mòso yo avèk swen epi soumèt bay FS Form 1048.
- Si yon moun ki sou rejis la mouri, bay yon kopi sètifye sètifikasi desè a.

## Voye l nan: Treasury Retail Securities Site

P.O. Box 214  
Minneapolis, MN 55480-0214

## Enfòmasyon pou kontakte Bureau of Engraving and Printing Mutilated Currency:

Adrès imel Bureau of Engraving and Printing Mutilated Currency: [mcdstatus@bep.gov](mailto:mcdstatus@bep.gov).

- Nomewo gratis: (866) 575-2361
- Lokal: (202) 874-2141; (202) 874-2595

## Avi:

- Direktè Bureau of Engraving and Printing kapab bay ofisyèl ki la pou fè respekte lalwa oswa lòt pati enfòmasyon nenpòt soumisyon lajan ki mitile pou ankèt sou aktivite kriminèl oswa pou jijman sivil.
- Nenpòt moun ki mitile lajan pou fè yo pa ka sèvi ak li ankò kapab resevwa amann oswa prizon. 18 U.S.C 333; epi
- Nenpòt moun ki entansyonèlman ranpli yon fo reklamasyon ki ap chèche ranbousman pou lajan mitile kapab krimnèlman responsab selon kèk lwa tankou 18 U.S.C. 287 ak 18 U.S.C 1341 epi kapab gen responsabilite sivil selon U.S.C. 3729, et seq.

# Resous disponib



Antoure w ak zanmi ak fanmi nan moman nesesite w se bagay ki pi enpòtan w ka fè. Pèsòn pa konnen w tankou yo. Yo ka ede w pran desizyon difisil yo paske ...Yo vle sa ki bon pou w.

Tou depan de sa w gen bezwen, gen divès resous disponib pou **ede** w retounen nan nòmal osi vit ke posib. Li enpòtan **pou w** konnen ke konpayi yo nan biznis pou yo fè benefis. Ou dwe verifye referans yo epi mande yon estimasyon anvan kèleswa travay fèt.

**Si w gen asirans,** sonje rete an kontak ak konpayi asirans w an.

**Si w pa gen asirans,** retablisman w ap depann de pwòp resous pa w ansam ak èd ou ka jwenn nan kominate w ak zanmi w.

**Premye Kote pou Kontakte:**

**Miami-Dade Fire Rescue (ponpye)**

- Etènn dife – Enspeksyon – Oryantasyon ak Direksyon Apre Dife

**Bezwen Imedya yo:**

**Lakwa Wouj Amerikèn**

- Abri tanporè – Manje – Medikaman – Vètman

**Restorasyon Pwopriyete:**

**Konpayi Restorasyon Dife**

- Domaj Dlo – Domaj Lafimen, Restorasyon Mèb – Mi – Netwayaj

**Sekirize Pwopriyete:**

**Konpayi “Board-Up” yo**

- Fèmen ak playwoud epi sekirize pwopriyete

**Rekipere Pèt:**

**Konpayi Asirans**

- Si w gen asirans, konpayi a responsab restorasyon pou vin nan eta egzak ak moman jis anvan dife a.

**Èd ak Reklamasyon yo:**

**Public Adjuster (Ajustè Biblik)**

- Anplwaye pa moun ki gen asirans si yo bezwen èd ak reklamasyon an

**Jwenn Enfòmasyon:**

**Bibliyotèk Biblik w**

- Aksè Entènèt pou rechèch ak resous

**Konte Miami-Dade 311**

**Miami-Dade Fire Rescue (ponpye)**

## Kesyon yo Poze Souvan

## Èske mwen dwe itilize konpayi pwofesyonèl pou ede mwen nan pwoesisis restorasyon an?

Konpayi pwofesyonèl tankou sa ki sou lis pi wo yo kapab byen itil ou. Yo gen konesans ak eksperians pou ede w nan pwoesisis restorasyon an.

**PA BLIYE VERIFYE TOUT REFERANS EPI KOMINIKE AK KONPAYI ASIRANS W AN.**

## Kilès pou kontakte oswa enfòme



Ajans ki rele **Better Business Bureau** [www.bbb.org](http://www.bbb.org) a kapab alète w sou plent ki depoze kont konpayi ki fè biznis nan zòn ou. Se yon bon zouti pou w itilize nan rechèch ou pou ede w retounen nan nòmalite.

ATIK/SÈVIS	KILÈS POU KONTAKTE
Ijans	911
Depatman Ponpye Miami-Dade (MDFR)	<a href="http://www.miamidade.gov/fire">www.miamidade.gov/fire</a>
Afè Kominotè	786-331-4820
Depatman Polis Miami-Dade	<a href="http://www.miamidade.gov/police">www.miamidade.gov/police</a>
Polis pou Zafè ki pa Ijan	305-4-POLICE (476-5423)
Konte Miami-Dade	311 oswa 305-468-5900 TTY: 711 <a href="http://www.miamidade.gov">www.miamidade.gov</a>
Sèvis Sosyal Fanmi	211 TTY: 305-644-9449
Nesesite Manje Tanporè ak Abri (24 trè sou 24, 7 jou sou 7)	Lakwa Wouj Amerikèn 1-800-HELP-NOW
Lakwa Wouj Amerikèn - Sid Florid	305-644-1200 <a href="http://www.redcross.org/local/florida/south-florida">www.redcross.org/local/florida/south-florida</a>
Ajans Federal Jesyon Dijans (FEMA sig anglè)	1-800-621-FEMA (3362) TTY: 1-800-462-7585 <a href="http://www.fema.gov">www.fema.gov</a>
Ame Disali-Kòmann Zòn Miami	305-637-6700 <a href="http://www.salvationarmyflorida.org/miami/contact/">www.salvationarmyflorida.org/miami/contact/</a>
Sèvis Animal Konte Miami-Dade	<a href="http://www8.miamidade.gov/global/animals/home.page">www8.miamidade.gov/global/animals/home.page</a> Telefòn: 311 oswa 305-468-5900 Imel: pets@miamidade.gov
Pou Sipò Emosyonèl ak Spirityèl	Reach out to your specific faith-based organization, or Share Your Heart/Victory For Youth, a non-profit organization <a href="http://www.victoryforyouth.org/shareyourheart/">www.victoryforyouth.org/shareyourheart/</a>

## Kesyon yo Poze Souvan

## Ki kote mwen ta jwenn èd pou mwen twouve kèk nan sèvis sa yo ak nimewo telefòn yo?

- Bibliyotèk Biblik ou se pi gwo resous avèk itilizasyon entènèt pou fè rechèch.
- Sèvis 311 Konte Miami-Dade ka pote fouvènman an pi pre w avèk sèvis yo ki nan pwent dwèt ou.
- [www.myflorida.com](http://www.myflorida.com) [www.miamidade.gov](http://www.miamidade.gov)

## Kilès pou kontakte oswa enfòme suit



Ajans ki rele **Better Business Bureau** [www.bbb.org](http://www.bbb.org) a kapab alète w sou plent ki depoze kont konpayi ki fè biznis nan zòn ou. Se yon bon zouti pou w itilize nan rechèch w pou ede w retounen nan nòmalite.

### SÈTIKA, DOKIMANTASYON LEGAL, DOSYE AK OBJÈ KI GEN VALÈ

ATIK/SÈVIS	KILÈS POU KONTAKTE
<b>Asirans</b>	Konpayi/Anjan Asirans ou
<b>Kat Sekirite Sosyal ak Medicare</b>	Biwo Lokal Sosyal Sekirite <a href="http://www.socialsecurity.gov/locator">www.socialsecurity.gov/locator</a> 1-800-772-1213 TDD/TTY: 1-800-325-0778
<b>Paspò</b>	Sant Nasyonal Enfòmasyon Paspò 1-877-487-2778 TDD/TTY: 1-888-874-7793 Imel: NPIC@state.gov <a href="http://www.travel.state.gov/content/travel/en/contact-us-passports.html">www.travel.state.gov/content/travel/en/contact-us-passports.html</a>
<b>Sitwayènte, Viza Travay, Kat Vèt</b>	Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon <a href="http://www.uscis.gov">www.uscis.gov</a> Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon 1-800-375-5283
<b>Pèmi Kondwi, Anrejistrman Oto</b>	Deptman Veyikil a Motè <a href="https://www.dmv.org/fl-florida/">https://www.dmv.org/fl-florida/</a>
<b>Sètifika Nesans, Desè, Desè Fetis, Maryaj ak Divòs</b>	Sante Florid <a href="http://www.floridahealth.gov/certificates/certificates/index.html">www.floridahealth.gov/certificates/certificates/index.html</a>
<b>Papye Dachaj Militè</b>	Depatman Afè Veteran <a href="https://va.org/">https://va.org/</a> 1-800-827-1000 TDD/TTY: 1-800-829-4833
<b>Papye Anrejistreman Animal</b>	Sosyete Veterinè/Imen ou an
<b>Papye Ipotèk</b>	Enstitisyon ki ap prete a
<b>Tit oswa Ak</b>	Depatman Dosye, Vil oswa Lokalite
<b>Garanti, Kontra Antèman Prepeye</b>	Konpayi ki delivre li
<b>Dosye Deklarasyon Taks</b>	Sant IRS kote yo ranpli l, kontab ou, oswa 1-800-829-1040
<b>Liv Bank (Kont Chèk, Kontdepay, elatriye.)</b>	Bank ou
<b>Estö ak Bon, Testaman, Dosye Medikal</b>	Kontakte Konpayi/Koutye/Avoka/ Doktè ki te delivre l a
<b>Ranplase Lajan</b>	Enfòmasyon Kontak Biwo Gravi ak Divizyon Enpresyon Lajan Mitiile: Toll-free: (866) 575-2361 <a href="http://www.moneyfactory.gov/submitaclaim.html">www.moneyfactory.gov/submitaclaim.html</a>
<b>Ranplase Bon Epay Etazini</b>	Ale nan: <a href="http://www.TreasuryDirect.gov/forms/sav1048.pdf">www.TreasuryDirect.gov/forms/sav1048.pdf</a> Telechaje fòm FS Form 1048: Reklamasyon Bon Epay Etazini ki pèdi , yo vòlò, oswa yo detwi. Sweiv enstriksyon yo lè w ap ranpli fòm sa a.

## Kilès pou kontakte oswa enfòme suit



Ajans ki rele **Better Business Bureau** [www.bbb.org](http://www.bbb.org) a kapab alète w sou plent ki depoze kont konpayi ki fè biznis nan zòn ou. Se yon bon zouti pou w itilize nan rechèch w pou ede w retounen nan nòmalite.

ATIK/SÈVIS	KILÈS POU KONTAKTE
<b>Kat Kredi</b>	<p>Konpayi ki delivre yo a pi vit posib.</p> <ul style="list-style-type: none"><li>- Mastercard, kontakte enstitisyon finansyè ki delivre l a.</li><li>- VISA, kontakte enstitisyon finansyè ki delivre l a.</li><li>- American Express, 1-800-441-0519.</li><li>- Discover, 1-800-DISCOVER (1-800-347-2683)</li></ul> <p>TDD/TTY: 1-800-347-7449</p>

## ITILITE

ATIK/SÈVIS	KILÈS POU KONTAKTE
<b>Florida Power &amp; Light (FPL)</b>	Kontak 24 trè sou 24: 305-442-8770
<b>Founisè Lokal Gaz Natirèl</b>	311
<b>Depatman Dlo ak Egou Miami-Dade</b>	311

## Kesyon yo Poze Souvan

### *Ki kote mwen ta jwenn èd pou mwen twouve kèk nan sèvis sa yo ak nimewo telefòn yo?*

- Bibliyotèk Piblik ou se pi gwo resous avèk itilizasyon entènèt pou fè rechèch.
- Sèvis 311 Konte Miami-Dade ka pote gouvènman an pi pre w avèk sèvis yo ki nan pwent dwèt ou.
- [www.myflorida.com](http://www.myflorida.com) [www.miamidade.gov](http://www.miamidade.gov)

## Tèm ak Definisyon



Sa w pa konnen paka fè w mal !

Paske chak pwofesyon gen pwòp langaj li, se kab yon bon ide pou familyarize w ak kèk tèm ak definisyon ke w ka rankontre nan trajè w pou retounen nan nòmalite.

Men yon lis itil, men ki pa konplè nèt. Itilize li kòm gid pou ede w pi byen konprann sa yo ap di oswa pou ka fè w plis okouran sa yo atann de ou.

**Valè:** Valè estime oswa atribye a yon atik. Pou ranplasman ak asirans, attachman pèsonèl w oswa "valè santimantal" byenke enpòtan pou ou, pa gen okenn merit nan pwosesis evalyasyon an. IRS ak konpayi asirans ki enplike yo bezwen itilize mezi pi objektif pou diskisyon.

**Pri Dacha:** Pri yon atik lè yo te achte l. Resi, si disponib, va itil pou verifye pri.

**Valè Reyèl/Mache:** Atik ou te ka resevwa jou anvan dife a.

**Depresyasyon:** Kantite nan valè yon atik pèdi pandan yon peryòd tan apati moman w achte li.

**Valè Rezidyèl:** Valè yon atik apre dife a.

**Lisans:** Otorizasyon fòmèl yon gouvènman oswa lòt otorite bay pou fè yon bagay, tankou pou egzèse sèten metye oswa fè sèten biznis.

**Kontraktè:** Yon moun ki dakò founi materyèl oswa bay sèvis pou travay konstriksyon a yon pri espesifik.

**Ajistè Biblik:** Yon ekspè moun ki gen asirans lan anboche pou reprezante li nan pwosesis reklamasyon an.

Menmsi ou ap trete ak yon **elektrisyen** pou retabli kouran w, yon **kontraktè** pou ede w nan pwosesis re-konstriksyon ou an, oswa yon **ajistè biblik** pou ede w ak reklamasyon asirans ou an, ou bezwen asire w ke w annafè ak yon **pwofesyonèl ki gen lisans** ki gen otorizasyon pou li fè travay li reprezante yo.

## Kesyon yo Poze Souvan

### **Kikote mwen ka ale pou'm jwenn èd pou ranplase lajan ki andomaje oswa ki boule?**

#### **Pou ranplase biyè lajan ki boule, kontakte:**

Department of the Treasury

Bureau of Engraving and Printing Office of Currency Standards

P.O. Box 37048

Washington, DC 20013

#### **Pyès mitile oswa fonn:**

U.S. Mint

P.O. Box 400

Philadelphia, PA 19105

(Pa manyen lajan boule yo otan posib epi sonje pa fè anyen jiskaske tout atik yo te kòrèkteman envantorye)



### Asirans:

Kouvèti pa yon kontra ki kontrenn yon pati pou li ranbouse yon lòt pati pou yon pèt espesifik an echanj pou peman ki vèse

Chak kontra ka differan nan detay yo, epi w dwe okouran sa ki patikilye nan pa w la. An prensip, konpayi asirans yo responsab **restore tout sa atik la te vo egzakteman jis anvan dife a...pa plis, pa mwens.**

Si w gen asirans, ou dwe toujou:

- Fè konpayi asirans ou tout sa w pèdi.
- Mande konpayi asirans ou kisa pou w fè pou w sekirize pwopriyete w.
- Mande konpayi asirans w kisa yo egzije w dapre kontra w gen avèk yo.
- Anrejistre nenpòt kout fil oswa reyinyon w fè avèk yo; fè kopi tout dokiman oswa foto w bay ajan an oswa konpayi asirans lan.
- Dokimante tout depans w fè; rete an komunikasyon avèk yo.

### Ajistè Biblik (Public Adjustor):

*Yon moun oswa konpayi yon moun ki gen asirans anboche si li santi li bezwen èd ak pwosesis reklamasyon li a oswa si konpayi asirans lan pa byen trete li.*

Si w gen **plan** pou w sèvi ak yon Ajistè Biblik:

- Jwenn otan enfòmasyon posib; pa pran desizyon bridsoukou.
- Asire w ke ou annafè ak yon ekspè ki gen lisans.
- Verifye referans yo **davans**.

### Kontraktè:

*Yon moun oswa konpayi ke yon moun anboche pou bay founiti oswa fè yon travay a yon pri oswa yon to detèmine*

Si w bezwen yon kontraktè:

- Asire w ke w annafè ak yon kontraktè ki gen **lisans**.
- Tcheke referans yo davans.
- Asire w ke yo respekte tout kòd konstriksyon, ensandi ak elektwonik nan zòn ou an.

## Kesyon yo Poze Souvan

## Èske se pou mwen ta pran foto bagay ki andomajè yo pou montre konpayi asirans lan?

Se yon bòn ide pou gen yon dosye konplè domaj yo si posib. Sepandan, asire w ke w pa antre nan yon plas Depatman Ponpye Miami-Dade di ki pa an sekirite.

**Toujou sonje...SEKIRITE DABÒ!**

# Sa Pou Fè ak Sa Pou Pa Fè



Konsèy itil

**Li** enpòtan pou sonje si w pa gen asirans, retablisman w va depann de pwòp resous ou avek èd ou ka jwenn nan kominote ak zanmi w.

Sove tout sa w kapab nan yon dife vin enpòtan paske ranplase atik san asirans ka koute anpil. Malerezman, anpil nan byen w yo pa ka sove. Pafwa sa w chwazi pa fè osi enpòtan ke sa w chwazi fè.

**Pa blyie sekirite tèt ou ak byennèt ou se byen ki PI enpòtan ou posedè.**

Men kèk konsèy sovtaj pou ede w lè bidjè w pa pèmèt ou sèvi ak yon kompayi pwofesyonèl, epi efò rekiperasyon w depann prensipalman **de tèt ou**.

## SA POU FÈ

- Sèvi ak savon ak dlo tyèd pou byen lave batri kwizin yo n.
- Sèvi ak savon ak dlo tyèd pou lave bwat ak bokal ki byen fèmen ki pa afekte.
- Sèvi ak bikabonat pou retire odè lafimen nan plaka ak frijidè.
- Lè w ap netwaye mi w yo, kòmanse atè pou rive anwo konsa pou w ka evite fè trè sou mi yo.
- Eseye byen seche tout kapèt yo pi vit posib pou evite vyè odè ak mwazi.
- Fè yon konpayi Reparasyon Klimatizè ki gen lisans vin tcheke sistèm w an pou verifye si li pa gen salte ak rezidi kontaminen.

## SA POU PA FÈ

- Pa itilize okenn manje oswa atik ki kontaminen.
- Pa itilize atik nan frijidè si w pa gen konfyans li pa gate.
- Pa itilize aparèy ki te ekspose a dlo oswa vapè jiskaske elektrisyen ki gen lisans verifye yo.
- Pa itilize manje nan bwat konsèv si yo wouye oswa gonfle nan mamit la.
- Pa itilize dra/sak zorye ni mete sou ou rad ki kontamine paske kontaminasyon an ka antre nan po w.

## Kesyon yo Poze Souvan

### *Kilès ki responsab sekirize pwopriyete andomaje a?*

Se responsabilite pwopriyetè a pou sekirize pwopriyete a. Li responsab pou fè tout reparasyon nesesè nan yon tan azeptab pandan li ap aji menm jan nenpòt moun rezonab te ka aji nan sikontans konsa.

**Si w gen asirans, verifye ke kontra asirans ou a gen pwovizyon pou kouvri bezwen sa a.**

# Operasyon Depatman Ponpye



Sekirite Dabò

*Pa gen pi gran amou pase sa a...ke li bay lavi li pou zanmi li yo.*

Sekirite lavi moun se motif prensipal nou nan MDFR lè nou ap fè travay nou sou plas ensandi. Misyon nou pou prezève pwopriyete, osi enpotans li ye, oblige pase nan dezyèm plas fas a angajman nou pou pwoteje lavi. Avèk sa nan panse nou, nap eseye eksplike rezon ki fè moun mal konprann travay nou sou plas ensandi.

## ***Mwen di ponpye yo dife a te dèyè kay la, epi malgre sa li trenen tout kawotchou yo andedan kay la epi fè plis dega ke nesesè... Poukisa?***

Antan ke ponpye, yo aprann nou pase kote ki "pa afekte" yo lè nap eseye etenn yon dife. Konsa, nou pouse lafimen yo kote nan kay la ki deja ap brile a, kidonk anpeche plis dega lafimen nan kay w an epi ede nan egzekisyon nenpòt operasyon bouskay ak sovtaj ki ka bezwen fèt.

### ***Poukisa fenèt yo kase oswa gen twou ki fèt nan plafon an?***

Lè dife ap boule, li monte anwo epi answit li elaji. Kase vit ak/oswa fè twou nan plafon yo (ki rele vantilasyon) ralanti mouvman elaji a ki koze anpil dega, ede siprime lafimen ki fè moun pa ka wè, epi pèmèt ponpye yo lite pi byen kont dife a. Aksyon sa a fè genyen mwens dega ki fèt nan estrikti a alalong epi operasyon an fèt plis an sekirite pou tout moun ki enplike.

### ***Poukisa gen twou nan mi yo?***

Tout dife enprevizib e kapab yon advèsè difisil. Li kapab kache kote w pa ta panse. Twou nan mi yo se pou pèmèt ponpye yo asire yo ke yo absoliman sèten ke dife a pat rive andedan mi yo epi kontinye ap boule san rete.

### ***Poukisa gen twou nan plafon yo?***

Pou evite sitiyasyon danjere kote ponpye yo ka pran nan pyèy yon dife yo pa wè ki ap boule nan etaj sou tèt yo, ponpye yo fè twou nan plafon an pandan yo ap bouje nan kay ki gen dife a.

### ***Poukisa li pran ponpye yo tout tan sa a pou rive isit a?***

Ou ta etone pou w wè kijan tan an pase dousman lè se w menm ki gen ijans la. An reyalite, nan Konte Miami-Dade, premye kamyon yo rive an mwayèn nan kat (4) a sis (6) minit nan plas dife a. Nou angaje nou pou nou kontinye amelyore estatistik dokimante sa a.

## Kesyon yo Poze Souvan

## ***Mwen gen yon estasyon ponpye jis akote lakay mwen...Poukisa yo pat reponn?***

Nan efò nou pou **pi byen sèvi kominate nou an**, tout estasyon nou yo gen kapasite pou bay sèvis ak reponn a yon varyete bezwen dijans. Estasyon ki koresponn a zòn w an te pwobableman ekspedye nan yon lòt apèl, kidonk, se estasyon disponib pi prè w la ki te reponn ka dijans w an.

# Paj Dokimantasyon



## Apèl Telefon

	Non	Telefòn	Jou/Lè Apèl	Rezon Apèl
1				
2				
3				
4				
5				
6				
7				
8				
9				
10				
11				
12				
13				
14				
15				

# Paj Dokimantasyon



## Depans

	Atik	Pri	Dat	Rezon pou Acha a
1				
2				
3				
4				
5				
6				
7				
8				
9				
10				
11				
12				
13				
14				
15				
Depans Total:				

NÒT: Sere tout resi lajan w depanse ki gen rapò ak pèt ou fè nan dife a. Yo ap enpòtan alafwa pou reklamasyon asirans ak pou verifye depans ou ap reklame nan deklarasyon taks.

# Paj Dokimantasyon



## Mileyaj ak Vwayaj

	Non/Konpayi	Mileyaj	Dat/Lè	Rezon pou Reyinyon an
1				
2				
3				
4				
5				
6				
7				
8				
9				
10				
11				
12				
13				
14				
15				
Mileyaj an Total:				

# Lis Kontwol Itil




Sèvis Ponpye Miami-Dade... Toujou Pre, Fyè pou Sèvi

- Fè yon ti kanpe, respire pwofondeman, di mèsi pou sa w gen toujou yo.
- Antoure w ak moun ki renmen w.
- Pran kontak ak lidè espirityèl ou yo...priye.
- Pran swen bezwen imeda w yo (lojman tanporè, manje, medikaman, rad).
- Si nesesè, MDFR va ede w kontakte Lakwa Wouj Amerikèn ki nan zòn ou an.
- Si w gen asirans, kontakte konpayi asirans w.
- Si w nan lwaye, kontakte pwopriyetè a.
- Kontakte konpayi ipotèk ou a epi avize yo osije dife a.
- Si w ap kite kay la, fè aranjman pou byen sekirize pwopriyete a.
- Si w ap kite kay la, fè lapolis konnen pwopriyete a pap gen moun ladan.
- Tcheke ak MDFR pou yo di w kilè w ka retounen nan kay la san danje.
- Tcheke ak MDFR pou verifye ke w ka sèvi ak itilite w yo san danje.
- Si itilite yo te dezaktive, kontakte yon pwofesyonèl ki gen lisans pou aktive yo.
- Deside ki kantite èd pwofesyonèl (ki gen lisans ak asirans) w ap bezwen:
  - Ajistè Piblik
  - Konpayi Restorasyon apre Dife
  - Kopnpayi "Board-Up"
  - Kontraktè
- Pran foto epi fè envantè domaj pwopriyete a ak byen w yo.
- Eseye jwenn objè ki gen valè w yo, dokiman w yo ak dosye w yo.
- Fè kopi tout sa w bay ajan, ekspè oswa kompayi asirans yo.
- Sere tout resi epi kenbe yon dosye de tout apèl telefòn ak reyinyon.
- Verifye avèk IRS apwopo avantaj espesyal pou moun ki ap rekiperé apre yon pèt ki fèt nan ensandi.

## **Nòt:**







**Depatman Ponpye Miami-Dade**  
*Toujou Pre, Fyè pou Sèvi.*

Miami-Dade Fire Rescue  
9300 NW 41st Street  
Doral, Florida 33178

786-331-5000

[miamidade.gov/mdfire](http://miamidade.gov/mdfire)

Pou mande materyèl sa-a nan yon lòt fòma,  
tanpri rele 786-331-4272.

